

Jidisyè Nyoudjèze
New Jersey Judiciary

Tribinal Minisipal

Municipal Court



Jounen ou nan Tribinal

Your Day in Court
Haitian Creole

Dwa w Antan ke Akize nan Tribinal Minisipal Leta Nyoudjèze a

1. Yo PREZIME W INOSAN jiskaske yo pwouve ou koupab depase yon dout rezonab.
2. Ou gen DWA POU YO ENFÒME W SOU AKIZASYON ki pote kont ou.
3. Ou gen DWA POU FÈ SILANS sou akizasyon kont ou yo, epi nenpòt bagay ke w di kapab sèvi kòm evidans kont ou.
4. Ou gen DWA ANBOCHE YON AVOKA.
5. Ou gen DWA ANGAJE YON AVOKA si jij la detèmine ke w pa kapab peye pou yon avoka, epi ta gen pwobabilite ke si yo ta kondane w, ou pral swa nan prizon, resevwa yon amann sibstansyèl oswa yap revoke lisans chofè w.
6. Ou gen DWA FÈ DEMANN POU YON DELÈ REZONAB pou ka gen yon opòtinite pou pale avèk avoka w ak prepare yon defans apwopriye.
7. Ou gen DWA TEMWAYE OSWA PA TEMWAYE.
8. Ou GEN DWA KONVOKE OSWA VOYE KONVOKASYON BAY TEMWEN pou temwaye nan non ou.
9. Ou gen DWA PREZANTE YON APÈL nan lespas 20 jou sou nenpòt kondanasyon.

Si w panse ke w bezwen sèvis yon entèprèt, tanpri notifie administratè tribinal minisipal la anvan ou konparèt nan tribinal la.

Èske mwen bezwen konparèt nan tribinal si mwen deside plede koupab ak peye yon amann?

Si kare “Konparisyon Devan Tribinal Egzijib” pa tcheke sou plent la epi si akizasyon an parèt sou swa Lis Biwo Enfraksyon onivo Nasyon la oswa sou Lis Biwo Lokal la (Statewide Violations Bureau Schedule or the Local Violations Bureau Schedule), ou gen dwa peye amann lan san ou pa gen pou konparèt nan tribinal. Biwo Lis Enfraksyon onivo nasyonal la (The Statewide Violations Bureau Schedule) a se yon lis enfraksyon leta ki gen dwa peye san ou pa gen pou konparèt nan tribinal. Lis Enfraksyon Lokal la se yon lis òdinans minisipal ki gen dwa peye san konparèt nan tribinal. Ou gen dwa peye amann ou nan gichè peman tribinal la, pa lapòs oswa vizite NJMCdirect.com. Si w ap peye san konparèt nan tribinal, sa vle di w ap plede koupab ak abandone dwa w pou reprezante pa yon avoka ak dwa w pou prezante nan jijman.

Konparisyon nan Tribinal toujou egzijib nan ka kriminel yo.

Si mwen plede koupab san konparèt nan tribinal, konbyen lajan map dwe peye?

Montan amann la endike sou Lis Biwo Enfraksyon anivo Nasyonal oswa sou Lis Biwo Enfraksyon lokal yo. Lis sa yo disponib pou revize nan biwo Tribinal Minisipal la. Epitou, Lis Biwo Enfraksyon anivo Nasyonal la afiche sou njcourts.gov.

Kisa mwen dwe atann lè mwen konparèt nan tribinal?

- Anvan ou antre nan sal tribinal la, tanpri etenn oswa mete sou mòd mwèt tout telefòn pòtab oswa bipè.
- Lè w rive nan tribinal la, tcheke avèk manm pèsònèl tribinal la.
- Koute tout enstriksyon manm pèsònèl tribinal la ak jij la bay. Tout pwosedi yo anrejistre, konsa tanpri pa pale jiskaske lè a rive pou pale.
- Jij la pral fè yon diskou ouvèti k ap eksplike tout pwosedi tribinal yo, dwa akize yo ak penalite yo.
 - Nòmalmman yo konvoke ka yo nan lòd swivan sa yo:
 - Demann pou ranvwaye ka a pou lòt dat
 - Petisyon ki pa konteste
 - Premye lekti ofisyèl akizasyon
 - Deklarasyon koupab yo
 - Petisyon ki konteste
 - Deklarasyon pa koupab ak avoka
 - Deklarasyon pa koupab san avoka
- Yon gen dwa ranvwaye yon ka pou ba w tan pou chache reprezantasyon nan men yon avoka prive oswa pa yon avoka ladefans piblik si w kalifye ak prepare defans ou. Si w bezwen yo ranvwaye dat la, mande manm pèsònèl tribinal la asistans.
- Si ka w gen pou wè ak yon dispit ant ou menm ak yon lòt moun, yo kab egzije w patisipe nan diskisyon avèk yon medyatè pou eseye rezoud dispit la san ou pa bezwen konparèt devan yon jij.

Kisa yo rele Antant pou plede?

Yon antant se yon fason pou rezoud yon ka. Tout Antant yo negosye ak komisè gouvènman a, yon avoka ki reprezante leta. Yap ba w opòtinite pou pale avèk komisè gouvènman a pou eseye rezoud ka w. Ou pa oblije pale avèk komisè gouvènman a. Tout antant fèt pou apwouve pa jij la.

Kisa ki pral rive si mwen plede koupab nan tribinal la?

Si w plede koupab nan tribinal la, jij la pral poze w kesyon sou akizasyon yo prezante kont ou pou asire byen ke gen prèv pou sipòte deklarasyon koupab la ak pou detèmine si deklarasyon ou fèt fason volontè. Lè sa a, jij la

ap pran yon desizyon ak enpoze yon santans. Si w plede koupab oswa yo ta deklare w koupab de yon enfraksyon sikilasyon nan tribinal, tout penalite ki parèt sou Lis Biwo Enfraksyon yo pa aplike.

Kisa ki pral rive si mwen plede ke mwen pa koupab?

Si w plede ke w pa koupab, jij la ap prezide nan yon pwosè pou detèmine si w koupab ou pa. Pwosè a kab fèt menm jou a, men yo kab pwogramel pou yon lòt dat nan sèten sikonstans.

Nan yon pwosè, tou dabò komisè gouvènman a pral konvoke tout temwen leta yo, temwen kap vin deklare kont ou. Yo pral reponn kesyon komisè gouvènman a ak prezante nenpòt lòt prèv yo genyen. Lè komisè gouvènman a fini avèk chak temwen, yap pèmèt ou menm, oswa avoka w, poze yo kesyon sou temwayaj yo.

Lè komisè gouvènman a fin prezante ka li, se pral tou pa w pou konvoke temwen ak prezante prèv pa w. Ou gen dwa temwaye malgre ou pa oblije. Si w temwaye, komisè gouvènman an gendwa poze kesyon oswa kont entewoje w. Aprè yon fin prezante tout temwen ak prèv, jij la va deside si w koupab ou pa. Si yo deklare w koupab, jij la va enpoze yon santans.

Èske mwen kapab sèvi avèk entènèt la pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou plede koupab ak peye yon amann?

Wi. Pou sèten enfraksyon, kote konparisyon nan tribinal pa egzijib, ou kab chache konnen montan total ou dwe peye si w plede koupab ak peye li atravè NJMCdirect.com.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou tribinal minisipal ak Jidisyè Nyoudjèze nan njcourts.gov

Si yo deklarem koupab, kisa ki rive apre tribinal la?

Ou pral oblije peye tout penalite monetè yo, jan jij la òdone. Nan sèten sikonstans, tribinal la kapab pèmèt ou peye pa tèm.

Yap ba w enstriksyon sou kouman pou konfòme w avèk nenpòt ki lòt pati nan santans ou.

Kouman pou mwen prezante yon apèl sou yon desizyon tribinal la?

Si w pa dakò avèk desizyon jij la, ou gen dwa prezante yon apèl, men si w prezante yon apèl, ou dwe soumèt apèl la nan lespas 20 jou ouvrab apati di moman yo enpoze kondanasyon a. Ou pral oblije bay yon depo ke ya va aplike sou frè preparasyon transkripsyon pwosè a. Epitou, w pral oblije peye yon frè \$100 pou antame apèl la. Mande manm pèsònèl tribinal la pou founi w avèk yon kopi pakè dokiman apèl la, “How to Appeal a Decision of a Municipal Court (Kouman pou Prezante yon Apèl Kont yon Desizyon Tribinal Minisipal).” Enfòmasyon sou kijan pou reprezante tèt ou nan yon apèl disponib tou nan njcourts.gov

Kisa ki rive lè òdonans tribinal la pa obeyi?

Moun ki pa prezante nan tribinal lè yo konvoke yo oswa lè yo voye manda pou yo prezante, fè pèyman jan yo mande yo, oswa obeyi tout lòt egzijans nan santans la, ap konfwonte sanksyon adisyonèl enkli amann, revokasyon lisans, arestasyon ak prizon.

Pou plis enfòmasyon konsènan ka w, kontakte tribinal minisipal la nan nimewo telefòn ki parèt sou kontrevansyon an oswa avi tribinal la. Epitou w kapab jwenn nimewo telefòn tribinal minisipal la nan njcourts.gov oswa nan paj ble yo nan anyè telefonik ou.

Pou enfòmasyon jeneral konsènan tribinal minisipal, kontakte youn nan biwo rejyonal swivan sa yo:

Biwo Divizyonèl Minisipal
(*Biwo Rejyonal*)

Atlantic	609-402-0100 ext. 47290
Bergen	201-221-0700 ext. 25080
Burlington	609-288-9500 ext. 38045
Camden	856-650-9100, ext. 43130
Cape May	609-402-0100 ext. 47290
Cumberland	856-878-5050 ext. 15290
Essex	973-776-9300 ext. 56889
Gloucester	856-878-5050 ext. 15290
Hudson	201-748-4400 ext. 60550
Hunterdon	908-332-7700 ext. 13230
Mercer	609-571-4200 ext. 74010
Middlesex	732-645-4300 ext. 88837
Monmouth	732-358-8700 ext. 87245
Morris	862-397-5700 ext. 75110
Ocean	732-504-0700 ext. 64040
Passaic	973-653-2910 ext. 24070
Salem	856-878-5050 ext. 15290
Somerset	908-332-7700 ext. 13230
Sussex	862-397-5700 ext. 75110
Union	908-787-1650 ext. 22600
Warren	908-332-7700 ext. 13230

Jidisyè Nyoudjèze
Tribinal Minisipal Leta Nyoudjèze a
PO Box 986
R. J. Hughes Justice Complex
Trenton, NJ 08625-0986

Stuart Rabner
Dwayen Tribinal la
Chief Justice

Glenn A. Grant
Direktè Administratif Tribinal yo
Administrative Director of the Courts

Revise 12/2022, CN 10959-Haitian Creole